

26 me

Paske tout moun ki leve tèt yo, Bondye ap rabese yo. Men, moun ki rabese tèt yo, Bondye ap leve yo.

Lik 18. 14

Fè tout bagay anvan ou louvri bouch ou pale. Pa prese fè okenn pwomès bay Bondye. Bondye, se nan syèl li ye, ou menm, ou sou latè. Pa di plis pase sa ou dwe di a. Eklezyas 5. 2

Farizyen an ak pèseptè a

Kèk parabol; Lik 18. 9-14

Rezime : Yon farizyen (yon manm nan yon gwoup relijye, tout moun wè) ak yon piblikan (yon pèseptè taks, women yo te oblije) al nan tanp lan pou lapriye. Premye a kwè, li pi bon pase lòt yo e li remèsye Bondye pou sa. Dezyèm nan, okontrè, ki konsyan de fot li yo, soupriye Bondye pou fè l gras : “Bondye, pitye pou mwen ! Se pechè mwen ye !” Lè sa a, Jezi bay kòman Bondye apresye sa : se dezyèm nan ki desann lakay li ak jistis, pa premye a.

Siyifikasyon : Farizyen reprezante yon nonm ki gen konfyans nan pwòp tèt li ak nan pratik relijye li yo ; sa konn rive, li panse, li siperyè ak lòt yo. Pèseptè a se senbòl yon moun ki rekonèt li pa diy devan Bondye, men ki lapriye li ak lafwa.

Aplikasyon : Deyò, atitid tou de, se menm bagay, e se te bon atitid la : yo t ap lapriye nan tanp lan. Men sa pa t sifi ; se fason kè a ye a ki konte, e se li menm, pawòl de mesye yo pèmèt nou wè : malgre priye sa yo, farizyen an mete konfyans li nan pwòp tèt li. L ap fè etalaj sa li merite e li rete lwen bonte Bondye.

Pèseptè a, li menm, konnen, li se yon pechè, men li konte totalman sou gras Bondye. Lè l soti nan tanp lan, li konnen Bondye te koute l e akeyi li. Li pati, ak kè poze. Li te pran vrè plas li devan Bondye, li te jwenn konsolasyon ak jistis. Ann imite l !

26 mai

Quiconque s'élève sera abaissé, et celui qui s'abaisse sera élevé. Luc 18. 14

Ne te presse pas de ta bouche, et que ton cœur ne se hâte pas de proférer une parole devant Dieu ; car Dieu est dans les cieux, et toi sur la terre : c'est pourquoi, que tes paroles soient peu nombreuses.

Ecclésiaste 5. 2

Le pharisien et le percepteur d'impôts

Quelques paraboles ; Luc 18. 9-14

Résumé : Un pharisien (un membre d'un parti religieux en vue) et un publicain (un percepteur de taxes imposées par l'occupant romain) vont au temple pour prier. Le premier se croit meilleur que les autres et remercie Dieu pour cela. Le deuxième, au contraire, conscient de ses fautes, implore la grâce de Dieu : "Ô Dieu, sois apaisé envers moi, pécheur !". Jésus donne alors l'appréciation de Dieu : c'est le deuxième qui est justifié, pas le premier.

Signification : Le pharisien représente un homme qui a confiance en lui-même et dans ses pratiques religieuses ; il en arrive à s'estimer supérieur aux autres. Le percepteur de taxes symbolise une personne consciente de son indignité devant Dieu, mais qui le prie avec foi.

Application : Extérieurement, l'attitude des deux était la même, et c'était la bonne : ils priaient dans le temple. Mais cela ne suffit pas ; c'est l'état du cœur qui compte, et qui est mis en lumière par les paroles des deux hommes : malgré ses prières, le pharisien met sa confiance en lui-même. Il étale ses mérites personnels et il reste étranger à la bonté de Dieu.

Le percepteur de taxes, lui, sait qu'il est pécheur, mais il compte entièrement sur la grâce de Dieu. En quittant le temple, il sait que Dieu l'a écouté et accueilli. Il repart, le cœur en paix. Il a pris sa juste place devant Dieu, il a trouvé la consolation et la justice. Imitons-le !